Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 17 (9977) 26 апрель 2024 с. / Рузман 18 шаввал 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

**Первомай, как праздник, был установлен в июле 1889 года Парижским конгрессом II Интернационала в память о выступлении рабочих Чикаго 1 Мая 1886 года. Во времена СССР его называли Днём международной солидарности трудящихся.**




**Этот день был символом революции, непримиримой классовой борьбы, имел «политическую окраску». Он отмечался демонстрациями, украшенными портретами политических деятелей, передовиков производства, лозунгами, призывами и плакатами.**

**Сегодня в нашей стране праздник утратил свой политический окрас и отмечается под названием «Праздник Весны и Труда». Для многих 1 Мая традиционно символизирует возрождение и приход весны.**

## Уважаемые жители района!

Поздравляем вас с праздником Весны и Труда! Пусть в этот первый майский день ласковое солнце осветит вашу жизнь и вдохновит на новые трудовые свершения.

Желаем вам здоровья, счастья, мирного неба, бодрости, света, знаний, эмоциональной насыщенности и вдохновения.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## Уважаемые казбековцы!

Поздравляю вас с Днём трудящихся!

Желаю, чтобы ваши труды приносили желанные результаты. Пусть работа всем будет в радость, Добра, тепла и достатка всем!

С праздником вас!

***Депутат НС РД М.Д. Умаханов***

## ХIурматиял районцоял!

Рекъел. Май. ЗахIмат. Гьеб лъабабго рагIиялъ рекIее жеги асар гьабула. Гьез ракIалде щвезабула Советияб заманалда 1-абилеб Маялъул байрам кигIан кIодо гьабулеб букIарабали.

РакI-ракIалъ баркула нужеда ихдалилгун захIматалъул байрам-1 Май!

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ даимаб битIккей. Биччанте нуж киназулго ракIазулъ даимаб май букIине.

***ЖамгIияб палатаялъул председатель И.Б. Салимханов***
***Харабазул Советалъул председатель С.Э.НургIалиев***
***Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов***




**В 2024 году пожарная охрана отмечает своё 375-летие. Её возраст отсчитывают от «Наказа о Градском благочинии», подписанного царём Алексеем Михайловичем в апреле 1649 года. Теперь работники пожарной охраны России отмечают свой профессиональный праздник ежегодно 30 апреля. Он учреждён 30 апреля 1999 года.**

## Уважаемые пожарные!

Поздравляем вас с профессиональным праздником! Желаем вам мира и согласия в ваших домах, пусть удача сопутствует вам везде и всюду. Желаем, чтобы в вашей жизни было как можно меньше пожаров и огня.

С праздником вас!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

# Районалъул къо тIобитIана

22 апрелалда Дагъистан Республикаялъул жамгIияталъ рахъккввеялъул Штабалъул площадкаялда, районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул жигарчилъиялда ва *«Дир район-дир рухIалъул бутIа»* цIаралда гъоркь, нилъер районалъул Къо тIобитIана.

Республикаялъул цIар рагIарал политикал, гIалимзаби, жамгIиял хIаракатчагIи, районалдаса СВОялъул гIахьалчагIи, студентал ва цогидал данделъараб гьеб тадбиралда ХI. Мусаевас абуна: *«Ниж*



*рохаралги чIухIаралги руго гьаб площадкаялда тIоцереселлъун цере рахъине рес щвеялдаса.*

*Нижеца кIудияб кIвар кьолеб буго районалда росдал магIишат, туризм, культура церетIезариялдеги цIиял объектал раялдеги.*

*Узухъда, гьеб кинабго букIинароан, республикаялъул бетIер С. Меликовасги хIукуматалъул председатель ГI. ГIабдулмуслимовасги нижеца гьарулел ишазул рахъ кколеб букIинчIебани, гьелъухъ гьезие кIудияб баркалаги буго. Гьай-гьай, нилъер районалда, цогидал бакIаздаго гIадин, гIунгутIабиги цере чIарал масъалабиги руго.*

*Ниж гIунгутIаби тIагIинариялдаги цере чIарал масъалаби бетIералде рахъинариялдаги тIад хIалтIулел руго»*, -ян.

Данделъиялда гIахьаллъарав РДялъул бетIерасул кумекчи АхIмад ГIабдуразакъовас нилъер район Дагъистаналъул районазда гьоркьор бищунго церетIеял цIикIкIараблъун кколилан абуна. Гьелдаго цадахъ, А. ГIабдуразакъовас абуна СВОялда цониги батальон гьечIин нилъер гIолохъаби гьоркьор гьечIеб ва гьез гьениб бахIарчилъиялъул мисалал рихьизарулел ругин.

Гьес абуна: *«Нужер гIолохъабаз жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго ВатIаналъул интересал цIуниялъулъ. Казбек район, цогидал районазде дандеккун, бищун лъикIаблъун кколеб букIиналъ, нижеца гьелъул рахъ кквезеги буго»*, -ян.

Гьеб тадбир тIадегIанаб даражаялда гIуцIун букIиналъе лъикIаб къимат гьениб кьуна *«Дагъистан Республикаялъул бетIерасул курсалъул рахъккквей»* ДРООялъулги РДялъул ЖамгIияб палатаялъул комиссиялъулги председатель Юкрудин Салимхановас ва «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редакторасул заместитель Зикрула Ильясовас.

Гьеб тадбиралда цере рахъун рукIана районалъул социалиябгун экономикияб рахъал церетIезариялъулъ ругел рихьизариялги, лъималазул искусствоялъул школалъул хIалтIабиги, миллияб кухнялъул квен-тIехги, ЦТКНРалъул хIалтIухъабаз хIадурараб музыкалияб программаги. Тадбиралъул гIахьалчагIазул ракIазе кIудияб асар гьабуна МухIамад Дудуевас Р. ХIамзатовасул асараздасан данде гьабураб сценка бихьизабиялъ.



***Гьумер хIадур гьабуна МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас***

Гьаб номерала нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Субботник тIобитIана
гьум. 3 Хъизабахъе щвезе ана
гьум. 4 Спорт

# Субботник тIобитIана

ГIадатлъун лъугьун буго, рацI-цIа-ракъалъи чIезаби мурадалда, ихдалил моцIаз нилъер районалда, тIолабго республикаялдаго гIадин, субботникал тIоритIи. Гьел гIуцIиялда нухда тIоритIиялъе цудунго гIуцIула хасал планал, гьенир рихьизарула щибаб гIуцIиялъул хIалтIухъабазда гьаризе тIадал ишал ва гьел тIуразариялда хадуб хал кколел гIадамал.



Гьаб соналъул 20 апрелалда, «РацIцIалъиялъул къо» цIаралда гъоркь, тIобитIараб субботникалда гIахьаллъана 4000-гоялдаса жидер къадар цIикIкIарал гIадамал. Гьелда цересел къояз районалъул росабазул ришни-къул базе рихьизарурал бакIаздаги гIадлу-низам букIинабиялъул тадбирал тIоритIун рукIана. Гьеб къоялъ учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъабаз, мухъилал гIадамаз, цIалдохъабаз, росабазул къватIаздаса байбихьун, ришни-къулалдаса рацIцIад гьаруна росабазда сверухъ бакIал, нухазул рагIалал, хъахI гьаруна рукъзабазул къадал, гъутIби, рухъана гьезда сверухъ бакIал ва гьел лъалъана. Гьединго, районалъул бетIерас лъазабураб *«ТIолабго хъизангун субботникалде»* ахIиялъул рахъги ккун, рацIцIалъи чIезабиялъулъ гьеб къоялъ тIубарал хъизабазги гIахьаллъи гьабуна.



Цоги, арал соназде дандеккун, ришни-къул бакI-бакIазде рехун тей тIубанго тIагIун гьечIониги, гьаб соналъ гьелъул къадар гIезегIанго дагьлъун буго. РакIалде ккола хадусан гьеб нилъер бакIаздаса тIубанго тIагIинин ва районалъул гIадамаз гьедин букIиналъе тадбирал гьарилин.

Гьаниб рехсечIого рес гьечIо гьадинаб хIужаги: росабазул хабзалахъ рацIцIа-ракъалъи чIезаби мурадалда, гьенир гьарулел ищазулъ гIахьаллъана диниял церехъаби, жамагIатазул вакилзаби ва мутагIилзаби. Данде гьабураб ришни- къулалъулги гьеб къоялъ гьарурал цогидал хIалтIабазулги хал гьабураб заманалда бичIчIунеб букIана *«ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIуна»*-ян бугеб умумузул аби унгояблъун кколеб букIин.

Гьебго къоялъ районалъул «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъул гIахьалчагIаз СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул хIурматалда «Горенжо» хIорихъ чIараб ах чIаралдаса эркен гьабуна ва гъутIби лъалъана. Гьединго, гьез хIоралда сверухъ бакIалдаса рищни-къулги бакIарана. БакIалде щварав районалъул бетIер ХI. Мусаевас цIалдохъабазул хIалтIуе лъикIаб къиматги кьун, абуна: *«Нужеца хIалтIи гьабизе байбихьана нилъее бищунго къиматаблъунги кIвар цIикIкIараблъунги кколеб бакIалда-ракIалдачIеялъул ахикь. РакIалде ккола гьаб ах районалъул гIадамазе хирияблъунги тIаде рачIарал гьалбазул ракIал тIаде цIалеллъунги букIинин»*, -ан.

Хасаб баркалаялъе гьенир мустахIикъаллъун рукIана ОМВДялъул хIалтIухъаби. Гьеб къоялъ гьез гIемераб хIалтIи гьабуна гIадамал ракIарaралщинал бакIазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъеги гIадлу-низам цIуниялъеги.

# ЛъикIал гIадатал цIигьари мурадалда...

ЧIахIияб гIелалъул гIадамазда лъала СССРалъул заманалда коммунистаз гIадамазул сахлъи букIинабиялде, гьезул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялде, гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялде ва жамгIият цебетIезабиялъул цогидал рахъазде кинаб кIвар кьолеб букIарабали. СССРги биххун, улкаялъул бетIерлъиялде рачIаразда ккана тIадехун рехсарабщинаб мекъаб букIанин ва демократиялъул пачалихъ гIуцIиялъе букIаралъул щибниги хIажалъуларин. Заманалъ бихьизабуна гьел мекъаб нухда рукIараблъи.

Гьаб заманалда, дагь-дагьккун, улкаялъе нухмалъулез хIаракат бахъулеб буго, доб заманалъул лъикIал рахъал кьочIоеги росун, хIалтIи гIуцIизе. Гьезул цояблъун бугин абизе бегьула ТIолгороссиялъулаблъун кколеб «ТIоцересезул багъа- бачари» гIуцIи. Гьеб гIуцIиялъул гIахьалчагIилъун ккола гIолеб гIел (цIалдохъаби ва гIолилал). Нижеца гьеб гIуцIиялъул отделение нилъер районалда букIиналъулги гьелъ тIоритIулел ишазул хIакъалъулъги хъван букIана. Къойидаса-къойиде цIикIкIунел руго гьелъулъ гIахьаллъулез тIоритIулел ишал.

ТIадехун рехсараб заманалдаги гIолеб гIелалъул батIи-батIиял гIуцIаби рукIана. Гьезул цояблъун кколаан цIалдохъабазул, «Тимурил команда» цIаралда гъоркь, букIараб гIуцIиги. Гьезул гIахьалчагIаз кумек гьабулаан херазе, сакъатазе, къокъ гьабун абуни, гьеб хIажатазе. Гьал мухъазул авторги вукIана гьеб командаялъулъ ва гьевги хьвадана кумек гьабизе. Гьеб кумек гьабиялъулъ рукIана рукъалъул магIишат цебе бачиналъул гIезегIанал рахъал (рукъ-бакI бацIцIад гьаби, огородалда хIалтIаби гьари, цIул бичIин, свери-къоно рукIалиде ккезаби, лъим чIезаби ва гь.ц.).



Гьедин гьабиялъ гIолеб гIел захIматалде ругьун гьабиялъе квербакъулаан ва кумек хIажатал кIочон гьечIеллъи бихьизабулаан. Узухъда, битIараб тарбия щвеялъе гьедин гьабиялъ кьолеб букIараб пайдаялъул бицине ккеларо.

Гьаб заманалдаги дагьал гьечIо жидее кумек хIажатал гIадамал, амма…

Районалъул бетIер ХI. Мусаевас *«ТIоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъул гIахьалчагIи ахIана Советияб заманалда тимуровцаз гьарулел рукIарал ишал цIи гьаризеги хасаб кIвар СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразул, мобилизациялде ахIаразул хъизабазе кумек гьабиялде буссинабизеги.

Гьеб кумек гьабизе субботник тIобитIиялда цадахъго байбихьана. Гьелъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Гертма, Ленинаул ва Калининаул росабазул «тIоцересез». Гьеб къоялъ Россиялъул «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъул нилъер районалда бугеб отделениялъул председатель Наида Юсуповалъ абуна: *«Жакъа нижеца байбихьараб акция я заманалъулаблъун, я болжал бихьизабураблъун кколаро. Нижеца гьабулеб кумекалъе гьоркьобкъотIи букIинеги гьечIо. Нижеде хIажалъи ккарал тIадехун рехсарал хъизабаз гьаб номералде (+7 989-875-84-66) ахIизе бегьула»*, -ян.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

***[Армиялде ахIиялъул кампания-2024]***

# ГIолилазе нухбитIи гьабиялда…

Ахириял соназ улкаялъул рагъулал къуватазде Россиялъул Президент В. В. Путиница кьолеб кIвар нилъеда лъала. Гьедин гьабизе ккелареб букIун батила БакътIерхьул церетIурал пачалихъазе нухмалъулез щиб гьабунги, СССР-го гIадин, Россия биххизеги хIаракат бахъулеб гьечIебани. Гьелъ, улкаялъе нухмалъулез армиялде гIолилал ахIиялдеги гьел рагъулал ишазде ругьун гьариялдеги кIудияб кIвар кьолеб буго.

Араб соналъ гIолилал армиялде ахIиялъул ихдалилгун хаслихълъиялъул кампанияби нухда тIоритIиялъул, гьенир дандчIварал захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ, гIатIид гьабун, районалъул СМИяз бицунебги хъвалебги букIана.



17 апрелалда гIолилал армиялде ахIиялъул ихдалил кампаниялда нилъер ва Гумбет районалдаса гIолилазул тIоцебесеб къокъа рагъулаб хъулухъалде битIана. РукIинисел рагъухъабазде гьабураб хитIабалда нилъер ва Гумбет районазул цолъизабураб рагъулаб комиссариаталъул отделениялъул начальник АхIмад АтавхIажиевас, рагъулаб уставалда рекъон, гIадлу-низам цIунизе ккеялъул бицана. РакIбацIадго рагъулаб хъулухъги тIубан, нуж тIадруссине хъван батагиянги абуна. Нуж Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъизе гьечIилан тIадеги жубана.

Ленинаул росулъа гIолилав ГIарип МухIамадхIабибовас гьениб абуна: *«Жакъа нилъер улкаялъе хIажат руго ВатIан цIунулел ва нилъ хIадур рукIине ккола гьеб цIунизе»*,-ян.

Рагъулаб хъулухъалде вас нухда тIовитIулев гьебго росулъа Аюп Ибрагьимовас гьениб бицана армиялъ гIолилал гIумрудул захIмалъаби къезаризе ругьун гьарулел рукIиналъулги гьелъ бихьинчиясулъ рукIине тIадал гIамалал куцаялъе квербакъулеб букIиналъулги.

***«Салатавия» изданиялдаса босараб***

# СВОялъул гIахьалчиясухъе щвана

Гьаб заманалда гIемер бицунебги хъвалебги буго СВОялъул гIахьалчагIазул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул, гьезул хъизабазе кумек гьабиялъул, зама-заманалда гьезухъе щвеялъул, хIухьбахъиялъе рачIарал рагъухъабигун дандчIваял



тIоритIиялъул хIакъалъулъ. Гьединго, хасгьабун, нижеца цIалдолезухъе щвезарулел руго СВОялъул щивав гIахьалчиясул ва гьезие щварал щапакъатазул хIакъалъулъ материалалги. Рехсеялъе, гIадамазда рагIинариялъе гьел мустахIикъалги руго.

Гьал къояз районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев щвана, СВОялда захIматаб ругъунги щун, 6 моцIалъ Москваялда гьеб сахгьабиялдаги вукIун, сахлъи щула гьабиялъе рукъове вачIарав, взводалъул командир, лейтенант, Калининаул росулъа Руслан Ильясхановасухъе. Гьеб дандчIваялда гIахьаллъана ХI. Мусаевасул заместитель И.И. Шабазов ва ЦРБялъул бетIерав тохтур Р.Г. ГIамиев. Хъизаналъул бетIер Асвадин Ильясхановас гьалбазе бицана Русланил гIумруялъул, къотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалде гьев иналъул ва СВОялъул гIахьалчилъун вахъиналъул.

Гьес абуна: *«Руслан цIакъ захIмат лъукъун вукIана, гьелде тIаде гьев агълъунги вукIана. Дир кинаб букIаниги божилъи букIинчIо вас чIаго хутIиялда, амма Москваялъул тохтурзабаз кинабго гьабуна гьев сахлъизавизелъун. ТIоцебе Аллагьасулги хадуб тохтурзабазулги кумекалдалъун, дир вас чIаго хутIана»*,-ян.

ХI. Мусаевас гьениб абуна: *«Руслан рукъове вачIун вугин рагIарабго, дие гьевгунги нужер хъизангунги дандчIвазе бокьана. Жакъа, Русланицаго гIадин, СВОялда гIахьаллъулел нилъер гIолохъабаз бахIарчилъи бихьизабулеб буго. Гьеб гIолеб гIелалъе мисаллъунги ккола. Нужерги СВОялда гIахьаллъулел цогидазул хъизабазеги ракI-ракIалъулаб баркала буго гьединал бахIарчиял васал гIезаруралъухъ. Нужеца рахъ ккведлъ гуребани, Руслание цIакъ захIмалъизе букIана дандчIварал захIмалъаби хIехьезеги гьел къезаризеги»*,-ян.

Жидерго иргаялда И. Шабазовас ва Р. ГIамиевас Асвадинида абуна гьесул хъизаналда цере раккулел масъалаби бетIералде рахъинариялда, Руслание хIажатаб кумек гьабиялда ва гьесул сахлъи букIинабиялда тIад жал чIезе ругилан.

ДандчIваялъул ахиралда Асвадиницаги Русланил имгIал ИсмагIилицаги гьалбазе, жалги кIодо гьарун, жидехъе рачIаралъухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна. Гьез абуна районалъе нухмалъулез СВОялъул гIахьалчагIазул, гьезул хъизабазул гьабулеб тIалаб-агъаз цIакъ кIвар цIикIкIараблъун кколиланги.

***Мухтар Гереев,ЕИЦялъул корреспондент***

# Хъизабахъе щвезе ана

Нижеца, гьоркьобкъотIи гьечIого, къватIибе кьолеб буго СВОялда гIахьаллъулезул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул, гьезул хъизаби рехон тун гьечIеллъиялъул ва гьезда хурхарал цогидал ишазул хIакъалъулъ информация.

Районалъул *бетIер ХI. ХI. Мусаевасул бихьизабиялда рекъон ва «9 Май-Бергьенлъиялъул Къо»* акциялда хурхун, районалда тIоритIулел руго СВОялда гIумруялдаса ратIалъаразулги гьенир, араб бакI лъачIого, тIагIаразулги хъизабахъе щвеял.

Гьедин, дагьал церегIан къояз нилъер районалъул СВОялда гIахьаллъулезул цолъиялъул председатель Юсуп Салибиев (Гьев гьеб цолъиялъул председательлъун вищун вукIиналъул хIакъалъулъ нижеца, *« Активисталгун дандчIваялда...»* цIаралда гъорк, кьураб макъалаялда, (Чапар № 13 29.03.2024 сон, 2 гьум. хъван букIана), Дилим, Хубар, ГIаркьухъ росабазул бутIрулгун ва жамагIатчагIигун, гьел росабалъа тIадехун рехсарал рагъухъабазул хъизабахъе щвана.

Гьел дандчIваязда гьалбаз хъизабазда цIехана хIажатаб бугищан ва гьез гьезие кумек гьабизе рагIи кьуна.

Гьелдаго цадахъ, гьалбаз гьел хъизабазе кванил нигIматазул пакеталги кьуна.

***«Салатавия» изданиялдаса босараб***

# Ругьунлъиялъул тадбиралда...

Нилъеда лъала ахирияб заманалда, жеги гьел рукIинчIел бакIаздацин, ракIалда гьечIел балагьал лъугьа-бахъинал (цIаккеял, ракьбагъариял, халатаб заманалъ чвахун цIадал раял, техногениял аварияби ва гь. ц.) кколел рукIинги, гьезул хIасилалда, цIикIкIарал материалиял заралал ва гIадамал гIумруялдаса ратIалъиялъул хIужаби ругеблъиги. Гьедин букIиналъ, киса-кирего гIуцIун руго балагьаздаса гIадамалги материалияб рахъги цIуниялъе хасал гIуцIаби. Цогидал ишазда цадахъго, гьезда тIадаб буго зама-заманалда ва бакI-бакIазда гIадамазда жалго цIуниялъе гьаризесел тадбирал малъизеги гьезие ругьун гьариялъул *«дарсал»* кьезеги.

Нилъеда лъала рехсарал балагьал медицинаялъул хехаб кумекалъул хIалтIухъабиги гьоркьоре цIан, районалъул администрациялъул хIалтIухъабазе балагьал лъугьа-бахъиназдаса жалгоги тIаде рачIаралги цIуниялъе ругьунлъиялъул тадбир тIобитIана.

36 хIалтIухъан гIахьаллъараб гьеб тадбиралъул байбихьиялда, цебего хIадурараб планалда рекъон, инструктажги гьабун букIана . *«Киназго кIвар буссинабе»*, *«Гьаваялъулаб тревога»* ахIиязда гъорк, администрациялъул минаялъуса 2 минуталда жанир хIалтIухъаби къватIире лъугьине кколаан. Киналниги бакIазул хал гьабун хадуб баянлъана гьез *«тIадкъай»*, заманалда ва лъикIаб хIасилгун, тIубазабун букIин.

Тадбиралъул ахиралда цебехун рех-



сараб отделалъул начальник Ибрагьим МухIамадовас администрациялъул хIалтIухъабазул хIадурлъиялъе тIадегIанаб къимат кьуна.

ХIажат буго, районалдаса лъазаби бачIиналъухъ балагьун чIечIого, районалъул киналниги гIуцIабазда, хасго лъимал ракIарулел бакIазда, тIадехун рехсаралго гIадинал тадбирал ризго тIоритIизе.

лъугьа-бахъиназда, лъай гьечIолъиялъул, рихха-хочиялъул хIасилалда, цIикIкIарал камиял ккезе бегьулеблъи. Гьелъин, умумузул *«БетIер унтилалде къазе ккола»*, *«РекIелъе хIинкъи рещтIарав-ващдав хварав»* абиял хIисабалдеги росун, райоалъул ГОялъулгун ЧСалъул отделалъ, хIажатал гIуцIиял гьоркьореги цIан, ругьунлъиялъул тадбирал тIоритIулел. Гьедин, дагьал церегIан къояз тIадехун рехсараб отделалъ, ОМВДялъул ва

***Ибрагьим Идрисов***

# ГьитIинай пианистка



Нилъеда лъала республикаялда тIоритIулел батIи-батIиял конкурсазда нилъер цIалдохъабаз лъикIал хIасилал рихьизарулел рукIин. Гьеб рахъалъ гьаб сон, цересел соназде дандеккун, дагьалъ батIияблъун букIана, щай абуни, дагьал церегIан къояз, Готфрид ХIасановасул (Дагъистаналъул профессионалияб музыкалияб культураялъе кьучI лъурав композитор ва РСФСРалъул искусствоялъул мустахIикъав хIалтIухъан ) цIаралда гъорк, МахIачхъалаялда тIобитIараб XXII-абилеб республикаялъул къецалда, пианиноялда бакънал рачиналъул рахъалъ, Дубки поселокалдаса цIалдохъан Мадина Султанаевалъ 2-абилеб бакI босун букIун. 50-гIанасеб къадар гьитIинал музыкантазул гIахьаллъараб гьеб тадбиралда 2-абилеб бакI боси ккола гIезегIан лъикIаб хIасиллъун. Баркула Мадинада гьеб призалъулаб бакI щвей ва гьарула гьелъие жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

***Динара Батиева***

# Конкурсалда кIиабилеллъун рахъана

Районалъул гIумрудул хIакъикъат цIехолезда лъалеб батила, зонаялда, республикаялда, жеги гьеб тун къватIибехунцин нилъер гIолилаз батIи-батIиял даражабазул къецазда лъикIал хIасилал рихьизарулел рукIин. Гьеб рахъалъ рецц-бакъалъеги баркалаялъеги мустахIикълъула Дилим росдал гимназиялъул мугIалимзабазулгун цIалдохъабазул коллективал.

Районалда кинал тадбирал тIоритIулел рукIаниги, гьеб гимназиялъул мугIалимзабигун цIалдохъаби гьезда гьоркьоса камун рукIунарин абуни, мекъи ккеларо. Гьедин букIиналъе мисаллъун бачине бегьула гимназиялъул цIалдохъабаз культураялъул хIалтIу-



хъабаз тIоритIулел гIемерисел тадбиразда гIахьаллъи гьабулеб букIинги. Гьелъ бихьизабула цIалдохъабазе лъайгун тарбия кьеялда тIад, кIвахIтун ва махщалида, педколлектив хIалтIулеб букIин. Гьелъие нугIлъи гьабула гьелъул мугIалимзабазулги цIалдохъабазулги ругел церетIеяз.

Гьел церетIеязул цояблъун букIанин абизе бегьула гимназиялъул 11-абилеб классалъул цIалдохъабазе республикаялъул даражаялда тIобитIараб *«Ниж-ракIбацIцIадго ЕГЭ тIобитIиялъул рахъалда»* видеороликазул конкурсалда кIиабилеб бакI щвей.

Дагьал церегIан къояз МахIачхъалаялда тIобитIараб гьеб конкурсалъул хIасилал гьариялда гIахьаллъана рехсараб классалъул вакилзаби: Рамазан Идрисов ва Паша Юсупов.

***Динара Батиева***

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# ГIадатлъун лъугьараб турнир

Спорт бокьулезда лъала щибаб соналъ нилъер районалда Мусашайих Гlазаевасул кубокалъе гlоло Тlолгороссиялъул эркенаб гугариялъул турнир тlобитlулеблъиги ва гьенир 57 кг. цlайиялда бугел гугарухъаби гурони гlахьаллъулареблъиги. (Гьеб цlайиялда гугарулаан М-ш. Гlазаевги).

16 апрелалда тlобитlараб иргадулаб турниралда 20 гугарухъан гlахьаллъана. Гьезда гьоркьор Халкъалдагьоркьосеб классалъулгун Российялъул спорталъул мастерзабиги рукlана.

Турниралъул хlурматиял гьалбаллъун рукlана районалъул администрациялъул бетlерасул тlоцевесев заместитель Ильяс Шабазов, Началихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша Гlумаханов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Камильпаша Гlумаханов, Дагъистаналъул Жамгlияб палатаялъул член, РДялъул цолъизабураб ополчениялъул Союзалъул председатель, РДялъул Жамгlияб палатаялъул член Гlамир Гlазаев, республикаялъул лъайкьеялъулгун гlелмуялъул министрасул заместитель Хlажимурад Мухlамадов, Российялъул мустахlикъав тренер, Халкъалдагьоркьосеб категориялъул судья Хlамзат Гlабасов, Хасавюрт шагьаралъул жанисел ишазул отделалъул хlалтlухъабазул ветераназул Советалъул председатель Зайбодин Гlумаров,Тольятти шагьаралъул *«Дагъистаниязул Союз»* жамгlияб гlуцlиялъул правлениялъул председатель Джамбулат Надирбегов, хlухьбахъиялда ругел СВОялъул гlахьалчагlи ва цогидалги гьалбал.

Российялъул гимналда гьоркь, турнир рагьиялъул байрахъ борхана гугару-




хъаби Эльдар Казавовас, Мухlамад Мухlамадовас ва Хlабиб Мехтихановас. Турнир рагьиялда кlалъаял гьаруураз гьениб бицана районалда спорт цебетlезабиялъе, гlолеб гlел ВатIан бокьулеллъун куцаялъе гьабулеб бугеб хlалтlул ва спортсменазе гьез бергьенлъаби гьарана. Мусашайих Гlазаевас турниралда гlахьаллъаралъухъ гьарбадерие баркала загьир гьабуна ва гьел ракlалдачlеялъул сайгъатаздалъун кlодо гьаруна.

Гьенирго ополченцал, СВОялъул гlахьалчагlи ва цогидал медалазе мустахlикълъарал кlодо гьаруна *«Салатавиялъул Бахlарчи», «Бихьинчилъиялъухъ ва бахlарчилъиялъухъ», «Российялъе гьабураб ритlухъаб хъулухъалъухъ»* жамгlиял медалаздалъун.

Спортзалалда гlодорчlезе бакl гьечlолъиялъ бицунеб букlана гlадамазул спорталъул гьеб тайпаялде кинаб рокьи бугебали. Хlалуцарал дандчlвазда гугарухъабаз гьениб берцинаб, ракl хlайиран гьабулеб гугари бихьизабуна.

Турниралъул ахиралда баянлъана тlоцебесеб бакlалде Хасавюрт шагьаралдаса Хlабиб Мехтиханов (Сайтиевасул цlаралда бугеб школа) вачlараблъи, кlиабилеб бакl нилъер Гlали Гlалиевасе щвараблъи ва лъабабилеб бакlал Даниял Султанмирзаевас (Казбек) ва Муса Гlалибулатовас (Хасавюрт шагьаралдаса) гьоркьоб бикьараблъи.

Хl. Мехтиханов гьенив М.-ш. Гlазаевасул кубокалдалъунги, медалалдалъунги, гlарцулаб шапакъаталдалъунги (100 азарго гъур.) кlодо гьавуна. Кlиабилеб бакl босарав Гlалие медальги, грамотаги, ва гlарцулаб шапакъатги (50 азарго.гъур.) кьуна. Лъабабилеб бакl гьоркьоб бикьарал Даниялги Мусаги медалазеги, грамотабазеги, гlарцулал шапакъатазеги (25щу-щу азарго гъур.) мустахlикълъана.

Тадбир ахиралде щвана М.-ш. Гlазаевас турнир гlуцlиялъе квербакъаразе ва гьенир гlахьаллъаразе ракl-ракlалъулаб баркала загьир гьабиялдалъун.

# Эркенаб гугари

Дагъал цереlгlан къоязда М.Гlазаевасул спортшколда 2011-2012 соназда гьарурал гlолилазда гьоркьор эркенаб гугариялъул зоналияб къецал тlоритlана. Гьенир гlахьаллъана нилъер, Цlияб лак, Хасавюрт районаздасагун Хасавюрт шагьаралдаса гугарухъаби. Гьениб 5 тlоцебесеб, 5 кlиабилеб ва 9 лъабабилеб бакlалгун, рехсараб школалъул гугарухъабазул команда мустахlикълъана тlоцебесеб бакlалъе.

Жиде-жидер цlайиязда Мухlамадрасул ва Сагlид Къурахlмаевал, Гlабдула Гlумаров, Башир Гъазиев, Залимхан Кlодочиев чемпионаллъун рахъана.

Кlиабилел бакlазде Шамил Мухlамадов, Мухlамад Давурбегов, Халид Бибасханов, Хlасан Хlажимухlамадов ва Ахlмад Хlажиев рачlана.

Лъабабилел бакlазе Мухlамадвакил Мухlамадаминов, Гlабдула Гlалиев, Даниял Эсентаев, Тlайгиб Салибиев, Шамил Камилов, Хlабиб Жамалудинов, Ахlмад Давудхlажиев, Рамазан Хlажимухlамадов ва Мухlамад Патахlов мустахlикълъана.

Призалъулал бакlал росарал гlисинал гугарухъаби, М.Гlазаевасул спортшко-




лалъул рахъалдасан, грамотабаздалъун ва медалаздалъун кlодо гьаруна.

***Насрула Алиукъаев***

# Кидагосеблъун гьабизе бицана

21 апрелалда Ленинаул росдал №3 гьоркьохъеб школалда сверухъ бакl спорталъул байданалде сверун букlанин абизе бегьула. Гьениб тlобитlулеб букlана *«СССРалъул халкъияб лъайкьеялъул отличник»* хlурматияб цlаралъе мустахlикълъарав, спорталъул гlуцlарухъан ва захlматалъул ветеран Мухlамадсалим Абакарович Абакаров ракlалдещвеялъул волейбол хlаялъул турнир.

Республикаялъулаблъун лъугьараб гьеб тадбиралда гlахьаллъана нилъер, Унсоколо, Цlияблак, Бабаюрт районазулгун Хасавюрт шагьаралъул ва гьелъулго районалъул командаби. Турниралъул хlурматиял гьалбаллъун рукlана: районалъул администрациялъул бетlерасул тlоцевесев заместитель Ильяс Шабазов,




депутатазул Собраниялъул председатель Гъирисхан Гъирисханов, гьесулго заместитель Нурахlма Меджидов, 1984-1989 соназ КПССалъул райкомалъул тlоцевесев секретарьлъун вукlарав Гlабдуразакъ Хlусейнов, Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школалъул вукlарав мугlалим Исхlакъ Бечиев, , Халкъалдагьоркьосеб категориялъул судья, Российялъул мустахlикъав тренер Хlамзат Гlабасов, харабазул Советалъул председатель Сайрудин Нургlалиев, Ленинаул росдал бетlер Гьайирсултан Эсенбиев, спорталъул ветеранал ва цогидали.

Турнир тlобитlиялъе гlуцlцlараб комитеталъул председатель Даци Сайдулаевас гьеб рагьараблъун лъазабуна. Мухlамадсалимил гlумруялъул бицун гьенир кlалъаял И. Шабазовас, Гl. Хlусейновас, Гь. Эсенбиевас ва И. Бечиевас гьаруна.

Гьале, турнир байбихьи лъазабуна. Цо чанго хlаялдаса хадуб баянлъана турниралъул чемпионлъун Унсоколо районалъул команда бахъараблъи, кlиабилеб бакlалде Хасавюрталъул команда бачlараблъи ва лъабабилеб бакlалъе нилъер команда мустахlикълъараблъи. Чемпионлъун бахъараб команда гьениб кубокалдалъунги, медалаздалъунги, гlарцулаб шапакъаталдалъунги ( 50 азарго гъур.) кlодо гьабуна.

Кlиабилебгун лъабабилеб бакlал росарал командабиги медалаздалъунги, грамотабаздалъунги, гlарцулал шапакъатаздалъунги (30 ва 20 азарго гъур.) кlодо гьаруна..

Кlочон течlо гьенир лъикl хlаралги. Гьел кlодо гьаруна статуэткабаздалъун, грамотабаздалъун ва гlарцулал шапакъатаздалъун.Турнир гlуцlиялъулъ жигараб гlахьаллъи гьабуразе, районалъул депутатазул Собраниялъул рахъалдасан Баркалаялъул кагъталги кьун, Н.Меджидовас (гьев Мухlамадсалимил яцалъул вас ккола) гьединал турнирал хадусанги тlоритlизе ругилан абуна.

***Ибрагьим Идрисов***

# Объявление

Утерянный аттестат № 00518002237646 об основном общем образовании, выданный Калининаульской средней школой в 2022 году на имя Шапиева Ахмеда Батыровича, считать недействительным.

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:** М.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 14.35

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**